

Jwenn Devan rapò plon septanm lan Pratik Travay San danje konsènan Plon

Nan angajman nou pran pou bay mèt pwopriyete yo enfòmasyon sou obligasyon yo genyen dapre lalwa, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD) ap pibliye yon seri bilten chak twa (3) mwa sou entènèt ak nan imèl. Chak bilten ap souliye yon sèl aspè nan lwa a, epi bilten an pa la pou kouvri tout lwa ak règ ki aplikab yo.

Bilten sa a konsantre prezizeman sou egzijans ki gen rapò ak pratik travay san danje pou plon epi li bay repons pou sèten kesyon yo poze souvan pou ede mèt pwopriyete yo konprann pi byen responsabilite yo genyen dapre egzijans federal ak lokal yo ansanm ak penalite yo ta ka jwenn si yo pa respekte pratik travay san danje konsènan plon yo. Li ofri tou enfòmasyon sou èd finansye ki ka disponib pou mèt pwopriyete lokasyon yo korije danje penti abaz plon yo.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa yon konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final pou tout responsabilite pwopriyete ak lokatè yo gen anrapò ak lwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.

PRATIK TRAVAY SAN DANJE AK PLON: KESYON MOUN POZE SOUVAN

Anpwazonnman penti abaz plon ka lakòz pwoblèm devlopman pou timoun ki poko gen sizan. Pou limite ekspozisyon nan danje penti abaz plon, Lwa Lokal nimewo 1 ane 2004 la egzije pou mèt pwopriyete bilding ki bati anvan 1960, oswa bilding ki te konstwi ant 1960 ak 1978 kote pwopriyete a konnen gen penti abaz plon, pou pwopriyete sa yo idantifye ak korije danje penti abaz plon nan apatman kote yon timoun ki poko gen sizan abite. Vil New York te entèdi lavant penti abaz plon pi bonè pase Etazini te fè sa, epi pakonsekan, gen règ ki konsantre sou bilding rezidansyèl ki gen 3 inite apatman oswa plis ki bati anvan 1 janvyè 1960.

1. Kisa pratik travay san danje ak plon ye?

Pratik travay san danje ak plon yo se egzijans pratik ki garanti ke lokatè ou yo rete an sekirite kont pousyè penti abaz plon pandan y ap fè travay sou sifas pentire ki afekte yo. Kèk nan egzijans sa yo se pou:

- Minimize gaye pousyè, ki vle di **PA** grate sifas pentire a asèk (sa ki kreye pousyè), mete tapi plastik atè pou anpeche pousyè yo al chita nan fant ki atè a, epi sèvi avèk tapi plastik

ant zòn travay yo pou minimize pousyè ki gaye sot nan zòn travay yo pou ale nan kote ki pa zòn travay yo.

- Netwaye chak jou, epi tou pase mòp ak vakyòm HEPA.
- Fè tès netwayaj pousyè chak jou nan zòn travay yo pou tcheke si gen plon. Kalite tès presi ki akseptab yo depann de rezon ki fè travay la ap fèt la.

2. Kiyès ki fikse egzijans pou pratik travay san danje konsènan plon yo?

Nan Vil New York aktyèlman, se ajans federal ak ajans lokal yo ki kontwole pratik travay san danje konsènan plon yo. Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini (Environmental Protection Agency, EPA) ak Administrasyon pou Sante ak Sekirite nan Travay (Occupational Health and Safety Administration, OSHA) fikse nòm federal jeneral anrapò ak sekirite lokatè ak travayè a. Depatman Ameriken pou Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) fikse nòm tou pou lojman ki resevwa èd federal, tankou lojman piblik ak pwogram Seksyon 8/Koupon pou Chwa Lojman. Sou plan lokal, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ak HPD fikse nòm anrapò ak pratik travay san danje konsènan plon.

3. Kijan pou m konnen si mwen sipoze itilize pratik travay san danje konsènan plon?

Egzijans federal ak lokal yo varye lejèman, kidonk pi bon metòd la se aplike egzijans ki pi estrik la pou garanti ou respekte toude seri règ yo. Si bilding ou an te bati anvan ane 1978, ou dwe itilize pratik travay san danje konsènan plon si ou pral fè nenpòt reparasyon oswa renovasyon ki pral deranje plis pase 2 pye kare penti nan yon sèl chanm. Ou dwe respekte egzijans sa a si gen nenpòt timoun nan inite oswa bilding presi a paske selon règleman federal la, yo sipoze tout bilding rezidansyèl ki te bati anvan 1 janvyè 1978 yo gen enpe kantite penti abaz plon swa andedan yo, swa deyò, oswa toude.

4. Ki sanksyon mèt pwopriyete yo ka sibi si yo pa sèvi ak pratik travay san danje konsènan plon?

Lokatè yo ka rele 311 epi depoze plent chak fwa y ap fè travay swa nan apatman ki okipe yo, nan apatman ki vid yo oswa nan zòn komen yo nan yon bilding san kontraktyèl/travayè yo pa swiv yon plan pwoteksyon kòm sadwa pou lokatè yo (gade nan sitwèb [Depatman Konstriksyon \[Department Of Buildings\]](#) pou jwenn plis detay sou moman yon plan pwoteksyon lokatè obligatwa ak fason pou fè youn). Chak fwa y ap deranje sifas ki pentire yo, plan pwoteksyon lokatè yo dwe gen ladan kèk deskripsyon sou fason yo pral anpeche pousyè yo gaye, kontwole pousyè yo ak netwaye yo pou pwoteje lokatè yo. Ajans Vil yo ap reponn plent sa yo epi yo ka bay vyolasyon. Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB) ka fè enspeksyon pwoaktif (pou pran devan olye reyaji) nan travay k ap fèt yo tou. **Si yo jwenn yon mèt pwopriyete pa respekte pratik travay san danje konsènan plon, gen plizyè penalite nan nivo vil la DOHMH ak DOB ka bay. Sanksyon ki sot nan DOHMH yo kapab varye ant \$200 ak \$2000 epi penalite ki sot nan DOB yo ka varye ant \$1,250 ak \$25,000.**

5. E si mwen konnen bilding mwen an pa gen okenn penti abaz plon?

Mèt pwopriyete yo kapab anboche yon enspektè oswa evalyatè risk penti abaz plon ki sètifye nan EPA pou teste sifas ki pentire yo pou jwenn si pa gen penti abaz plon oswa pou idantifye prezizeman kikote ki gen penti abaz plon pou ede pou konfòmite sa a. Sa a se sèl fason pou ou sèten bilding ou an pa gen penti abaz plon.

Si ou te fè teste penti bilding ou an, asire ou gen tout dosye ou yo pou tès ak/oswa eliminasyon danje yo. Ou ka gen pou prezante dosye sa yo bay HPD, DOHMH oswa DOB, si yo mande yo. Si ou te fè tès yo epi ou pa jwenn okenn plon, oswa ou te elimine plon ou te jwenn lan, epi bilding ou an te bati anvan 1 janvyè 1960, ou ta dwe depoze yon egzansyon nan HPD de sipozisyon penti abaz plon an, dekwa pou plizyè egzijans Vil New York sou plon yo p ap aplikab pou bilding ou an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzansyon yo, gade nan sitwèb HPD an Novanm.

6. Èske mwen ka fè pratik travay san danje konsènan plon yo mwenmenm?

Teknikman, wi, men se sèlman si ou sètifye kòm sadwa tou. Si travay ou ap fè a pa gen rapò ak vyolasyon pou penti abaz plon oswa Odonans Vil la bay, oumenm oswa kontraktiyèl ou an dwe gen yon sètifikasyon EPA kòm yon antrepriz Renovasyon epi anplwaye Renovatè ki sètifye nan EPA. Si travay la se pou vyolasyon, oumenm oswa kontraktè ou an dwe gen yon sètifikasyon EPA kòm yon antrepriz pou eliminasyon penti abaz plon epi anplwaye travayè ak sipèvizè eliminasyon plon ki sètifye nan EPA pou fè travay la. Nan chak ka, travayè sètifye nan EPA ki endepandan de konpayi ou an dwe pran echantiyon obligatwa tou pou konfime zòn lan pa gen okenn pousyè ki kontamine ak plon.

7. Kijan pou mwen garanti yon kontraktiyèl kalifye?

EPA kontwole egzijans fòmasyon ak sètifikasyon travayè yo epi li endike etap presi pou swiv si yo pral elimine penti abaz plon oswa si yo dwe deranje penti a pandan reparasyon, renovasyon, oswa pentire. Sa gen ladan, men se pa sa sèlman, pratik travay san danje pou plon ki nesèsè yo ki konsantre sou konfigirasyon, netwayaj, ak tès pou konfime netwayaj la te fèt byen.

Pou travay reparasyon, renovasyon, oswa penti (Repair, Renovation, Painting, RRP), anvan travay yo kòmanse mèt pwopriyete yo dwe konfime:

- Antrepriz la se yon konpayi Renovasyon ki sètifye nan EPA epi konsève yon kopi sètifikasyon yo pou achiv ou.
- Moun k ap fè travay la se yon Renovatè ki sètifye nan EPA epi konsève yon kopi sètifikasyon li pou achiv ou.

Sit entènèt EPA a gen [enfòmasyon sou pwogram Renovasyon, Reparasyon ak Pent \(RRP\) an](#). Sou paj wèb sa a, ou ka chèche yon antrepriz ki sètifye nan EPA tou.

Anplis, sitwèb EPA a bay [enfòmasyon konsènan Eliminasyon Pent Abaz Plon](#) epitou li ofri konsèy sou [diferans ki genyen ant RRP ak Eliminasyon](#).

8. Ki lòt dokiman mwen dwe genyen pou montre mwen te itilize pratik travay san danje konsènan plon?

Dapre Atik 14 nan Kòd pou Antretyen Lojman NYC, mèt pwopriyete yo oblije kenbe dosye penti abaz plon pou lojman miltip yo pandan 10 zan omwen. Tout travay ki pou vyolasyon ak travay ki pa pou vyolasyon ka anba yon demann dosye apre yo bay yon vyolasyon oswa kòm yon pati nan yon kontwòl pwoaktif annakò avèk [Lwa Lokal 70 ane 2019 la](#). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou verifikasyon pwoaktif sa a nan [Bilten nimewo 2 pou Mèt Pwopriyete yo – Jen 2019](#).

Kèk nan dosye obligatwa yo ta gen ladan prèv ki montre yo te respekte pratik travay san danje pou plon yo si gen travay reparasyon, renovasyon, oswa penti ki te fèt ki deranje plis pase 2 pye kare penti nan yon chanm nan yon apatman kote yon timoun ki poko gen laj 6 zan abite. Si sa te rive, mèt pwopriyete a dwe bay HPD:

- sètifika EPA antrepriz la;
- sètifika EPA moun ki te fè travay la;
- yon Afidavit ki soti nan antrepriz ki sètifye nan EPA a ki deklare ke travay la te fèt annakò avèk seksyon §27-2056.11 nan Atik 14 nan Kòd Antretyen Lojman an ki gen ladan dat kòmansman ak finisman travay yo epi ki gen ladan adrès ak enfòmasyon pou kontakte antrepriz ki te fè travay la;
- yon deskripsyon ak anplasan travay ki fèt nan chak chanm oswa bòdwo yo pou travay la;
- rezilta tèl eliminasyon pousyè ki kontamine avèk plon an ki sot nan yon laboratwa endepandan Eta New York sètifye;
- yon Afidavit moun sètifye ki te pran echantiyon pousyè a ki verifye adrès ak dat yo te pran echantiyon an ak yon kopi sètifika EPA moun lan; epi
- lis kontwòl ranpli lè/si yo te pèmèt lokatè yo jwenn aksè tanporèman nan zòn travay la.

Gen egzijans anplis pou kalite antrepriz ou ka itilize ak dokiman ki obligatwa si travay la deranje plis pase 100 pye kare nan yon chanm oswa si travay k ap fèt la se pou korije yon vyolasyon.

9. Kikote mwen ka jwenn plis konsèy lokal?

Mèt pwopriyete yo ka jwenn aksè nan konsèy lokal sou pratik travay san danje pou plon la a:

- [HPD Guide to Local Law 1 of 2004 Work Practices](#)
- [DOHMH Landlord Instructions for Complying with Commissioner's Order to Remediate Lead Paint Hazards](#)
- [NYC Health Code Section 173.14 Safety standards for lead-based paint abatement and remediation, and work that disturbs lead-based paint](#)
- [DOHMH Information for Building Owners](#)

Anplisdesa, [LeadFreeNYC](#) se yon trè bon kote pou kòmanse pou tout kesyon sou lwa ak règ lokal sou plon ak sou penti abaz plon. Vil la ajoute regilyèman sou sitwèb sa a epi li ka dirije piblik la fasilman sou sitwèb presi pou chak ajans. HPD sou wout pou mete ajou plis konsèy ak fòm pou ede mèt pwopriyete yo rete enfòm ak an konfòmite. Rete konekte!

VIL LA OFRI ÈD FINANSYE POU REPARE DANJE PENTI ABAZ PLON

HPD ak DOHMH ap ofri **sibvansyon** aktyèlman pou mèt pwopriyete lokasyon ki kalifye **pou repare danje penti abaz plon** nan apatman yo, zòn komen bilding yo ak sòti sekou pou dife yo gras a Pwogram Kay San Danje ak Rediksyon Danje Plon (Lead Hazard Reduction and Healthy Homes).

Pwogram nan bay finansman sibvansyon an mwayèn \$8,000 a \$10,000 pa apatman (selon bezwen yo) pou fè reparasyon pou danje penti abaz plon grasa yon konbinezon eliminasyon (retire ak ranplasman eleman penti abaz plon ki deteryore yo) ak kontwòl pwovizwa (tretman sifas penti abaz plon pou remete yo nan yon eta entak). Pwogram nan ka finanse dapre seleksyon tou sèten lòt reparasyon ki fèt pou elimine danje ki pa penti abaz plon tankou danje pou bite/tonbe, danje dife, pòt/fenèt ki pa fonksyone, ak lòt toujou. **Pwopriyetè yo pa oblije remèt sibvansyon sa yo.**

Pou kalifye, yon bilding dwe ranpli kritè annapre la yo: li dwe sitiye nan senk (5) vil yo; li dwe te bati anvan 1960; pifò nan inite apatman yo dwe gen lokatè ki gen revni fèb ak revni trè-fèb; epi kèk inite apatman yo omwen nan bilding lan dwe gen fanmi ki gen yon timoun/plizyè timoun ki poko gen sizan (6 zan), oswa yon fanm ansent, oswa yon timoun ki poko gen laj sizan (6 zan) vizite yo souvan. Anplis, pwopriyetè a dwe aksepte, pandan senk (5) ane apre travay reparasyon an, pou lwe inite apatman ki trete yo bay lokatè revni fèb epi bay priyorite pou fanmi ki gen jenn timoun. **Pa rete tann! Pran devan sou pwoblèm penti abaz plon ou touswit!**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi telechaje aplikasyon an, al gade nan: nyc.gov/lead-reduction.